

KONNEN

DWA

OU

IMIGRASYON

KONNEN

DWA

OU



ACLU Kentucky

aclu-ky.org

[@acluofky](https://twitter.com/acluofky)



KIJAN POU DIMINYE PWOBLÈM POU TÈT OU

- Rété trankil. Pa reziste oubyen anpeche ajan yo oubyèn ofisye yo fè sa.
- Pa bay manti oubyen bay fo dokuman.
- Mache préparé tèt ou ak fanmi' w pou si yo ta vinn arete w. Sonjé nimewo telefòn fanmi'w ak avoka' w. Fè plan ijans si'w gen timoun oubyen si'w ap pran medikaman.

SI AJAN ICE (IMIGRASYON) VINI NAN TRAVAY

- Mande si'w lib pou'w ale. Si se wi, ou ka soti san fè dezod.
- Ou gen dwa refize si yo ta mande'w pou fouyéw.
- Ou gen dwa rété an silans. Ou pa bezwen pale sou sitiwayon ak imigrasyon (tankou sou kote'w te fèt, si'w se yon sitwayen, oubyen kijan ou te antre nan peyi a) ak nenpòt moun.
- Si'w gen dokiman imigrasyon ki vre, ou ta dwe montre yo. Pa janm bay fo dokiman.
- Si yo arête'w, di'w pa reponn okenn kesyon jiskaske w pale ak yon avoka.
- Ou gen dwa pou enrejistré rankont ou ak ajan imigrasyon si ou pa bay yo pwoblem.

SI AJAN ICE (IMIGRASYON) VIN LA KAY OU

- Ou pa oblije ouvri pòt la. Si ou ouvri pòt la rété trankil – men dwa ou genyen.
- Mande yo pou kisa yo la (epi mande yon entèprèt si ou bezwen youn).
- Si yo mande pou yo antre, mande yo si yo gen yon manda ki siyen pa yon jij epi si se wi, mande pou wè li (nan yon fenèt oubyèn anba pòt la).
- Si yo pa gen yon manda ki siyen pa yon jij, ou ka refize kite yo antre. Mande yo pou yo kite nenpòt enfòmasyon sou pòt ou.
- Si yo fòse antre, pa reziste. Di tout moun nan kay la pou yo rété trankil.
- Si yo arete' w, ou gen dwa rété pozé. Pa siyen anyen jiskaske ou pale ak yon avoka.

KI SA POU FÈ SI YO ARETE'W OUBYEN MARE'W

- Ou gen dwa kontakte konsila nan paye'w oubyen mande moun ki arrete'w la fè konsila konnen ké ou anba kòd.
- Sonje nimewo alyennkat ("nimewo A") epi bay fanmi'w li. Sa ap ede fanmi'w yo konnen ki kote'w yé.